# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–08 मई 2025 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी के अध्यक्षता में राष्ट्रीय सुरक्षा से जुड़ल तइयारियन अउर कई गो मंत्रालय में समन्वय के लेके आजु एगो उच्च स्तरीय समीक्षा बइठकी भइल। बइठकी में मंत्रालयन क उच्चाधिकारियन अउर विभाग क सचिव लोगि हिस्सा लिहलें। बइठकी में मौजूदा हालात से निपटे खातिर मंत्रालयन के कार्य योजना, तइयारियन, नागरिक सुरक्षा तंत्र के मजबूत करे, गलत सूचना अउर फरजी खबरि से निपटले क कोसिस अउर बुनियादी ढांचा के सुरक्षा सुनिस्चित कइले के बारे में चरचा भइल। प्रधानमंत्री बइठकी में मौजूद अधिकारियन से चरचा के दौरान लगतारे सतर्कता, संस्थागत समन्वय अउर स्पष्ट संचार पर खासतौर से जोर दिहलें।

येह बिच्चे, राष्ट्रीय सुरक्षा सलाहकार अजीत डोभाल आजु नई दिल्ली में प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी से उनके आवास पर मुलाकाति कइलें। ई मुलाकाति पाकिस्तान अउर पाकिस्तान के अवैध कबजा वाला जम्मू कश्मीर में आतंकवादी ठेकानन पर भारत क कारवाई के एक दिन बाद भइल।

**********

ऑपरेसन सिंदूर के ले के आजु बोलावल गइल सर्वदलीय बइठकी में सज्जों राजनीतिक दल आतंकवाद के खिलाफ भारतीय सेना के जबाबी कार्रवाई क प्रसंसा कइलें अउर एकमत से आपन समर्थन जतवलें। रक्षामंत्री राजनाथ सिंह के अध्यक्षता में संसद में भइल ई बइठकी में कई गो दलन क नेता सामिल भइलें। श्री सिंह पाकिस्तान अउर पाकिस्तान अधिकृत जम्मू कश्मीर में नौ आतंकी ठेकानन पर भारत के हमला के बारे में ओन्हें जनकारी दिहले। संवाददाता लोगिन से बतियावत संसदीय कार्यमंत्री किरेन रिजिजू बइठकी के रचनात्मक बतउलें।

**ऐसा वक्त में जब देश एक बहुत बड़ी चुनौती को हाथ में लेकर के काम कर रहे हैं तो इसमें राजनीति का कोई जगह नहीं है यह हमारे पूरे पॉलीटिकल पार्टीज ने दर्शाया है और सब लीडर्स ने एक मत से हमारे सेनाओं ने जो कार्रवाई की है ऑपरेशन सिंदूर को लेकर के पूरे बधाई भी दिया और गौरव का एहसास सबको हुआ है।**

गृहमंत्री अमित शाह, बिदेस मंत्री डॉ. एस. जयशंकर, राज्यसभा में सदन के नेता अउर भाजपा अध्यक्ष जे.पी. नड्डा, राज्यसभा में बिपक्ष क नेता अउर कांग्रेस अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खरगे, लोकसभा में बिपक्ष के नेता राहुल गांधी अउर एआईएमआईएम नेता अस्सदुद्दीन औवेसी के सथहीं देस क कई गो प्रमुख नेता बइठकी में सामिल भइलें।

**********

भारतीय ससस्त्र बल आजु भिन्नहीं पाकिस्तान के गई गो जगहिन पर एयर डिफेंस रडार अउर सिस्टम के निसाना बनउलस। रक्षा मंत्रालय के मोताबिक लाहौर में एगो एयर डिफेंस सिस्टम के निस्क्रिय कइ दिहल गइल।

पाकिस्तान काल्हि राति ड्रोन अउर मिसाइल क इस्तेमाल कइके ओहसे लागल सीमा वाले इलाकन के साथे उत्तरी अउर पच्छिमी भारत में कई गो सैन्य ठेकानन पर हमला कइले के कोसिस कइलस। येहू हमला के एकीकृत काउंटर यूएएस ग्रिड अउर एयर डिफेंस सिस्टम के ओरि से निस्प्रभावी कई दिहल गइल।

**********

पाकिस्तान अउर पाक अधिकृत जम्मू अउर कश्मीर में आतंकी ठेकानन पर भारत क हमला पाकिस्तान के हतास कई दिहले हवे। पाकिस्तान झूठ खबरन अउर गलत सूचना फइला रहल हौ। एगो रिपोर्ट–

**भारत के ऑपरेशन सिंदूर से घबराया हुआ पाकिस्तान डिजिटल प्लेटफॉर्मस् पर झूठी और भ्रामक खबरें फैलाकर आतंकवादियों को बचाने और खुद के नापाक मंसूबों से विश्व का ध्यान भटकाने की पूरी कोशिश कर रहा है। पाकिस्तान समर्थक सोशल मीडिया हैंडल और यहां तक की प्रभावशाली राजनीतिक हस्तियां भी फर्जी जानकारी फैला रहे हैं। पाकिस्तान के रक्षा मंत्री ख्वाजा आसिफ ने निराधार दावा किया है कि ऑपरेशन सिंदूर के दौरान भारतीय सैनिकों को पकड़ा गया। बाद में उन्होंने अपने बयान को वापस भी ले लिया और स्वीकार किया कि किसी भी भारतीय सैनिक को हिरासत में नहीं लिया गया था। पल्लवी परमार, आकाशवाणी समाचार, दिल्ली।**

पाकिस्तान के ओरि से सोसल मीडिया पर कइल जा रहल दुस्प्रचार के ले के सतर्कता क सलाहि दीहल गइल हौ। लोगिन से अपीलि कइल जा रहल हौ कि जो त भारतीय ससस्त्र बल से जुड़ल चाहे मौजूदा हालति से जुड़ल कउनों संदिग्ध जनकारी मिले त ओकर सूचना पीआईबी फैक्ट चेक के जरूर दें। अइसन समानन के व्हाट्सएप नंबर–आठ सात नौ नौ सात एक एक दुइ पांच नौ अउर ईमेल आईडी सोसल मीडिया एट पीआईबी डॉट जीओवी डॉट इन पर साझा कइ सके लें। नंबर एक बेरि फेर से सुनि लेईं– आठ सात नौ नौ सात एक एक दुइ पांच नौ।

**********

उत्तर प्रदेस लोक सेवा आयोग के ओरि से लखनऊ में आयोजित नियुक्ति पत्र वितरण कार्यक्रम में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु नया चयनित सहायक अध्यापकन अउर प्रवक्ता लोगिन के नियुक्ति पत्र सउंपलें। येह मौका पर अपने संबोधन में मुख्यमंत्री निस्पक्ष अउर पारदरसी चयन प्रक्रिया अउर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी क मिसन रोजगार के लक्ष्यन क चरचा कइलें।

**********